

Vaksen kont Grip ak COVID-19

Yon enfeksyon grip oswa viris COVID-19 lakoz kapab grav epi li kapab voye moun al entènè lopital oswa li kapab lakoz lanmò.

Ou gen risk pou w gen konplikasyon si

- ou gen 65 lane oswa plis
- ou souffri yon maladi kwonik (pa egzanp, dyabèt oswa maladi kè)

Poukisa pou w Pran Vaksen?

- Pou w evite konsekans grav tankou nemoni ak kayo san nan poumon, kè oswa janm ou (boul san ki fòme nan yon gwo venn)
- Pou w diminye nan kantite moun ki entènè lopital oswa ki mouri
- Pou w pwoteje pwòch ou ak moun ki frajil ozalantou w yo
- Vaksinasyon se pi bon mwayen pou w pwoteje tèt ou kont grip ak COVID-19.

Èske Ou Te Konnen?

Li san danje ak efikas lè w pran vaksen kont grip ak COVID-19 an menm tan.

- Li rekòmande pou w pran vaksen kont grip ak COVID-19 chak ane.

Fason pou w Pran yon Randevou pou w Pran Vaksen



clicsante.ca

1 877-644-4545



Ou gen kesyon sou vaksinasyon?

Pale ak famasyon w oswa doktè w, oswa yon lòt pwofesyonèl sante

Pou w pale ak yon enfimyè, rele Info-Santé nan 811, opsyon 1.

**Centre intégré
universitaire de santé
et de services sociaux
du Centre-Sud-
de-l'Île-de-Montréal**

Québec

